



Poukisa yap transfere m?

Kòm ou deja konnen, Vil New York, ansanm ak rès peyi a, e pratikman yon gwo pati nan lemond, nan mitan yon kriz dijans nan domèn sante piblik. Kidonk, yo mande Mount Sinai Health System, ki se youn nan pi gwo sistèm sante nan Leta New York, pou nou fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje sante ak byennèt pasyan nou yo ak tout kominote ki ozalantou nou.

Ekip nou an pran angajman pou l ba ou pi bon swen nan pi bon anplasman ki disponib la. Sa gen ladan l tou pou nou konsidere tout anplasman posib toupatou nan Mount Sinai Health System. Nou vreman pran angajman pou nou mete sekirite w kòm priyorite prensipal nou.

Ekip medikal ou sousye l pou sekirite w ak byennèt ou, e yo deside transfere

w nan yon lòt etablisman atravè Mount Sinai Health System nan. Nou pral kontinye ba ou bon jan kalite swen medikal pou ka refè leplivite ke posib.

Nou apresye koperasyon w ak pasyans ou nan peryòd sa a.



**Mount
Sinai**